


# JETKINSHEKTI BAQSÍShÍLÍQ KÓRKEM ÓNERINE QÍZÍQTÍRÍW USÍLLARÍ.

**Bekbaulieva Feruza Majit qızı**
Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı studenti
https://doi.org/10.5281/zenodo.18092214

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 25-dekabr 2025 yil
Ma'qullandi: 28-dekabr 2025 yil
Nashr qilindi: 30-dekabr 2025 yil

**KEY WORDS**

*Muzika, metodika, baqsıshılıq, kórkem óner, usıl, texnologiya, dóretiwshilik.*

**ABSTRACT**

*Maqalada kórkem ónerdiń úlken bir tarawı muzikalıq sheberlik haqqında ilimiy dóretiwshilik jumısları keń túrde izertlew obyektine alındı. Sonday-aq, jas jetkinshekti baqsıshılıq kórkem ónerine qızıqtırıwdıń usılları hám metodları úyrenuw haqqında keń túrde talqılaw jumısları alıp barılǵan..*

Baqsıshıılıq-xalıq awızsha tvorchestvo hám milliy muzıka mádeniyatınıń ajıralmaytuǵın bólegi esaplanadı. Ol xalıqtıń tariyxı, turmıs tárizi, ruwxıy qádiriyatları hám estetikalıq pikirin bildiredi. Házirgi dáwirde jetkinshekti milliy miyrasqa húrmet ruwxında tárbiyalawda, olardı xalıq kórkem ónerine qızıqtırıwda baqsıshılıq zárúrli áhmiyetke iye boladı. Sol sebepli jaslardı bul kórkem ónerge tartıw, olarda milliy namıs hám Watandı súyiwshilik sezimdi oyatıw zamanagóy tálim hám tárbiya sistemasınıń aktual wazıypalarınan birewi.

**Tiykarǵı bólim.** Baqsıshılıq kórkem óneriniń tárbiyalıq áhmiyeti

Baqsıshılıq kórkem ónerinde xalıq dástanları, qaharmanlıq qosıqları, watan hám miynet Gimnler sáwlelengen. Ol arqalı jaslar:

Milliy tariyx hám mádeniyat haqqında bilimge iye boladı;

Ruwxıy qádiriyatlarǵa húrmet ruwxında tárbiyalanadı;

Ana til hám xalıq awızsha dóretiwshilikke muhabbat tuyediler.

Baqsılar atqarıwındaǵı dástanlar jaslardı taqat, hadallıq, mártlik hám adamgershilik sıyaqlı pazıyletlerge shaqıradı.

Jetkinshekti baqshichilikka qızıqtırıwdıń tiykarǵı usılları

1. Tálim processinde integraciyalaw usılı

Baqsıshılıq dástúrlerine muzıka, ádebiyat hám tariyx pánlerine baylanıstırıp oqıtıw jaslarda qızıǵıwshılıq oyatadı. Mısalı, dástanlardan úzindilerdi muzıka sabaqta nama arqalı ańlatıw yamasa ádebiyat pánlerinde obrazlardı analiz qılıw nátiyjeli nátiyje beredi.

2. Master-klass hám dóretiwshilik ushırasıwlar

Jergilikli hám belgili baqsılar qatnasıwındaǵı ashıq sabaqlar, ushırasıwlar jaslar ushın úlken yosh deregi boladı. Olar dástúriy atqarıwshılıq usılların jaqınnan úyreniw imkaniyatına qaray iye boladı.

3. Multimedia hám cifrlı qurallardan paydalanıw

Búgingi jetkinshek cifrlı ortalıqta ósip atır. Sol sebepli baqsılar atqarılıwın video, audio, podkastlar arqalı usınıw, onlayn platforma jáne social tarmaqlarda tarqatıw arqalı qızığıwshılıqtı kúsheytiw múmkin.

4. Folklor festivalları hám tańlawlar shólkemlestiriw

"Jas baqsılar" festivalı, dástanshılıq boyınsha tańlawlar jaslardı dóretiwshilik xızmetke tartadı. Bul olardıń qábiletin kórinetuǵın etiw, saxna mádeniyatın qáliplestiriwge xızmet etedi.

5. Shańaraq hám máhellede milliy ortalıq jaratıw

Muzika tariyxı júdá qızıq tarawlardıń biri bolıwı menen birge, júdá quramalı taraw. Óytkeni xalıqtıń sanasın, onıń rawajlanǵanlıq dárejesin anıqlap beriwshi bul taraw tek bir baǵdar de emes, bir neshe tarawda óziniń sáwlesine iye. Olardan biri kórkem óner tarawı bolsa, ekinshi tárepten xalımızdıń ilim-bilimdegi rawajlanıw baǵdarlarında belgilep beredi.

Joqardaǵı pikirlerdi esapqa alatuǵın bolsaq, muzika tariyxı búgingi kúnimizge shekem tolıq izertlenip bolındı, dep qaraw orınsız. Sebebi, xalıq ómir súrer eken ol jerde kórkem óner, mádeniyat joqarı shıńlarǵa qaray órley beredi. Kórkem ónerdiń bul túri ádebiyat penen tıǵız baylanıslı túrde úyrenilse maqsetke muwapıq boladı. Shayırlar tárepinen tereń lirizm menen qaǵaz betlerine túsken estetikalıq sezimlerdiń insan kewline qonımlı hám biytárkirar bolıp jetiwinde muzikanıń sırlı notalarınıń ornı girewli. Hárbir xalıqtıń óziniń mánawiyatı, aǵartıwshılıǵı, estetikası bolıp, turmıs degen processte milliy hám sheberlik faktorları menen suwǵarıp kelingen. Bunıń negizinde eki úlken pikir baǵdarları, yaǵnıy xalıq ǵalaba muzıkanıń hám oylawdıń individual dóretiwshilik qatnasıqlarınıń ornı hám bahası joqarı.

Ózbek xalıq muzika óneri óziniń milliy proceslerinde ózine tán hám jetik dárejede qáliplesken biytákirar xalıq hám klassikalıq muzıka miyrasına iye. XX ásirge kelip, bul jámiyetlik turmıs jollarında hám muzıka mádeniyatımızda jańa baǵdar engizile basladı. Bul batıs muzika mádeniyatınıń negizinde muzika dóretiwshiligin jetilistiriw baǵdarı edi. Sonı da atap ótiw kerek, hár qanday muzika xalıq mádeniyatınıń rawajlanıwına xızmet etse, álbette ámeliyatta óz juwabın tabadı. XX ásirge kelip Ózbekstanda da evropalı oy-pikir aǵımınıń tásiri sezile basladı hám zamanagóy muzıkanıń kompozitorlıq dóretiwshiligi kórinisinde ámeliyatta óz kórinisin taba basladı [3.4] dep, ózbek muzika tariyxın úyreniwshiler orınlı pikir bildiredi. Haqıyaqatında da, mámleketimizde hesh bir taraw birden óziniń rawajlanıw jolına túsip ketpedi. Eń birinshilerden bolıp bunda rawajlanǵan mámleketlerden baǵdar alıw, olardı eń mayda elementlerine shekem izertlew áhmiyetli baǵdarlardan esaplanadı. Solay eken, ózbek muzika tariyxında da eń bririnshi zamanagóy kompozitorlıq dóretpelerdiń rawajlanıwı rawajlanǵan shet mámleketler menen tıǵız baylanıslı.

Ata-analar hám máhelle aktivleri qatnasıwında xalıq qosıqları hám dástanların tıńlaw túnlerde ótkeriw jaslardıń qızıǵıwshılıǵın arttıradı. Bul usıl milliy ruxtı saqlawdıń eń nátiyjeli jolı bolıp tabıladı.

Zamanagóy texnologiyalar járdeminde qızıǵıwshılıqtı kúsheytiw

Interaktiv oqıw platformaları, virtual koncertler hám onlayn muzıka oyınları arqalı da jaslardı dástúriy kórkem ónerge jaqınlastırıw múmkin. Mısalı, mobil qosımshalar járdeminde baqsılar atqarılıwın tıńlaw, dástanlardı audio-kitap formasında oqıw sıyaqlı múmkinshilikler jaratıladı.

Oqıtıwshı hám mádeniyat xızmetkerlerdiń wazıypaları

Baqsıshılıqtıń tariyxıy áhmiyeti haqqında jaslarǵa úzliksiz sıpatlama beriw;

Milliy muzıka hám dástanshılıq boyınsha arnawlı kesheler shólkemlestiriw;

Jaslarda dóretiwshilik pikirlew hám saxna mádeniyatın rawajlandırıw;

Baqsılar menen birgelikte ámeliyat hám atqarıw shınıǵıwların shólkemlestiriw.

**Juwmaq.** Jetkinshekti baqsıshılıq kórkem ónerine qızıqtırıw-milliy mádeniyattı saqlap-álpeshlew jáne onıń ajıralmas dawamlılıǵın támiyinlewdiń tiykarǵı shárti. Bul processte tálim mákemeleri, mádeniyat orayları, shańaraq hám jámietshiliktiń birge zárúrli áhmiyetke iye. Eger jaslar milliy kórkem ónerge muhabbat menen qarasa, xalıqtıń psixik qúdireti hám ruwxıy miyras máńgi jasaydı.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Nazarov A. (2021). Baqsıshılıq kórkem óneri jáne onıń tárbiyalıq áhmiyeti. Tashkent: Pán.
2. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń "Baqsıshılıq kórkem ónerin jáne de rawajlandırıw ilajları tuwrısındǵı qararı. (2019).
3. Karimova D. (2023). Jaslar ruwxıylıqında milliy kórkem ónerdiń ornı. Tashkent.
4. Musaev J. (2022). Folklor arqalı jaslardı tárbiyalaw usılları. Samarqand.

INNOVATIVE ACADEMY